



Ansyen konbatan ameriken yo ak moun ki andikape yo ka aplike pou yon lisans sipèvizyon machann manje nan lari nan tout vil la.

Depatman Sante Vil Nouyòk la pibliye fòm aplikasyon pou lisans sipèvizyon pou tout vil la pou machann manje nan lari, pou veteran ameriken yo ak moun ki andikape yo. Yon lisans sipèvizyon pou tout vil la pèmèt ou aplike pou yon pèmi lavant pwodui alimantè nan lari pandan tout ane a (anyèl).

Ou ka enskri sou lis datant sa a si ou gen yon lisans valab pou machann manje nan lari (badj idantifikasyon) ki soti nan Depatman Sante Vil Nouyòk la epi ou se yon veteran ameriken oswa yon moun ki andikape. Lis datant sa a ap gen yon kantite plas limite, ki pral klase nan lòd sa a:

- Gwoup 1: Veteran Ameriken andikape yo
- Gwoup 2: Moun (ki pa veteran ameriken) ki andikape
- Gwoup 3: Veteran Ameriken san andikap

Yo ka sèlman mete ou sou yon lis datant pou lisans sipèvizyon. Si w sou yon lòt lis datant pou yon lisans sipèvizyon epi kounye a ou vle mete w sou lis datant sa a paske ou se yon veteran ameriken oswa ou gen yon andikap, y ap retire w sou lòt lis datant pou yon lisans sipèvizyon kote w ye kounye a. W ap bezwen bay prèv ki montre ou se yon veteran ameriken oswa ou gen yon andikap lè w ap aplike pou lisans sipèvizyon ou a.

Fòm aplikasyon pou lis datant lisans sipèvizyon pou tout vil la ak enstriksyon pou ranpli aplikasyon an disponib nan adrès sa a: **nyc.gov/health/mobilefood**. Ou kapab rele **311** tou epi mande pou "manje mobil" pou yo voye aplikasyon an ba ou pa lapòs.

Yo dwe voye aplikasyon pou mete sou lis datant lan pa imèl oswa lapòs epi yo dwe gen yon tenm lapòs ki date pa pita pase 28 avril 2026.

Pou plis enfòmasyon, vizite **nyc.gov/health/mobilefood**.